

# School Board of Brevard County, Florida

## Klas K-12 / Fòm Enskripsyon Adilt

**Kontwòl** - Elèv yo dwe, pandan tan yo ke yo nan on lekòl sou lajan lekòl piblik yo, prezante nan lekòl la, angaje yo nan aktivite lekòl la patwone nan lokal la; ak pandan yon tan rezonab (30 minit) anvan ak apre lekòl, ke elèv la rete nan lokal la pou patisite nan on aktivite lè li sou sipèvizyon direktè lekòl la, pwofesè, on lòt manm nan lekòl la, on chofè bis ki resevwa pèmision direktè lekòl la pou aktivite a fèt.

**Brevard School Board Policy 5772 Zam:**

Dapre lwa Eta a, konsèy direktè yo entèdi elèv nan kèlkeswa lokal on lekòl elemanè, segondè, sant aprantisaj altènatif, sant edikasyon granmoun, bilding administrasyon, distri lekòl la, machin distri a, ou kèlkeswa kote ki anba sipèvizyon distri a, ouvè, sèvi, ouswa pote zam jan sa defini nan F.S. 790.001 la epi li genyen ladann e li pa limite a zam afe, nenpòt ki kalite zam, kouto, razwa, klib, zam elektrik, dwa metalik, zam A masyal, minisyon, ak eksplozif. Pou rezon règleman sa a, tèm "zam" vle di tou, entansyon pou itilize l, oswa reprezante l, sa ki kapab blese grav, domaje kò oswa domaje, sou pwopriyete, osi byen ke mete an danje sante ak sekirite moun. Règleman sa a dwe enkli aksyon sa yo tankou atik ki pa vre, fo alam dife, menas bonm, oswa apèl entansyonèl pou manti, fè pè e ki kreye yon kondisyon danjere. Sipèntandan bay dwa pou etabli aksyon ak lapolis sou zafè zam pou repòte tout sa ou konnen sou menas ak aksyon ki mete vi moun an danje. Si w pa rapòte konesans sa yo, ou ka